

Date Printed: 04/20/2009

---

JTS Box Number: IFES\_64

Tab Number: 91

Document Title: Sak nan ke yanm..

Document Date: 1990

Document Country: Haiti


Document Language: Creole

IFES ID: CE00810




\* 5 6 D E B 0 2 0 - 9 E 9 1 - 4 F 8 2 - B 2 E E - 4 B 2 9 3 1 7 8 C 5 0 B \*

**Sak nan kè yanm  
se kouto sèl ki konnen I.**



**Vòt ou se  
sekrè w ak Bondye**

**ELEKSYON 1990**



**AL VOTE**

**DWA AK DEVWA  
ELEKTÈ  
JOU ELEKSYON**

- 1- Gran randevou tout sitwayen Ayisyen, ki gen dwa vote, se dat 16 desanm 1990, kote tout elektè ak bilten vòt yo, ap gen libète pou vote nan sans yo vle, pou moun yo vle.**
- 2- Jou 16 desanm sa a, pou ki moun elektè yo pral vote:**

Elektè yo pral vote:

- pou yon **prezidan**
- pou **3 senatè**
- pou yon **depite**
- pou **katèl majistra**
- pou **katèl Kasèk**

**Bilten vòt,**  
**se poto mitan pouvwa ak otorite leta.**

### **3- Poukisa nou pral vote pou moun nou fèk nonmen yo?.**

#### **Prezidan**

Nap vote pou yon prezidan, nou kwè ki kapab fè respekte manman lwa peyi a, konstitisyon tout ayisyen te vote 29 mas 1987 la.

- **Konstitisyon se manman lwa ki nan enterè peyi a.**
- Se **konstitisyon ki defann enterè pèp la**
- Se **konstitisyon ki bay jistis ak libète pou tout moun**, kit li gwo, kit li piti, kit li rich, kit li pòv.

Se pou tout rezon sa a **nou dwe vote** pou yon **prezidan** nou kwè ki **kapab defann enterè nou, epi ki kapab defann Konstitisyon an.**

**Prezidan  
se tout elektè  
ki ba li pouvwa ekzekitif.**

## Senatè ak Depite

De moun sa yo **enpòtan** anpil, paske se senatè ak depite na pral nonmen jou eleksyon yo **ki gen dwa ekri lwa** nou gen pou **obeyi**.

Prezidan peyi a kapab pwopoze yon lwa pou **lachanm depite ak senatè egzaminen li**, pou wè si lwa prezidan an pwopoze nan enterè peyi a, nan enterè tout pèp ayisyen an.

Si lwa prezidan an pwopoze pa nan enterè peyi a **lachanm depite ak senatè gen dwa di non**, lwa sa a pa bon.

Nou wè senatè ak depite se de moun ki ka deside wi oubyen non, si lwa prezidan an pwopoze nan enterè peyi a oubyen pa nan enterè peyi a. Se pou sa **nou dwe chwazi 3 senatè ak yon depite nou kwè ki kapab defann enterè pèp la, defann enterè peyi a**.

Nou wè kouman **bilten vòt elektè** yo ap gen nan men yo **jou 16 desanm** nan, se reyèlman vre yon **poto mitan**.

## Katèl majistra

Nou gen pou nou vote pou **3 manm nan katèl majistra pou 4 an**, se:

- **Yon majistra kominal**
- **Ak de majistra kominal adjwen**

Lè nap vote pou majistra kominal, ak majistra kominal adjwen an, sonje 3 moun sa yo gen **2 gwo chay responsabilite**:

- **Premye chay la se kole tèt ansanm pou dirije, òganize, okipe tout zafè lavil la.**
- **Dezyèm chay la se voye je sou sa k'ap fèt nan tout seksyon kominal yo, sa vle di nan tout komin la nèt.**

La ankò nou wè valè bilten vòt nou pral lage nan bwat vòt la jou ki **16 desanm lan**.

Elektè a, a pral vote pou twa moun **li kwè ki kapab defann enterè tout komin lan** nèt e se pou sa nou di elektè a ankò:

**Bilten vòt li a,**  
**se poto mitan pouvwa ak otorite leta**

## Katèl KASÈK

### Tou dabò, ki sa KASÈK la vle di?

Sa vle di : **Konsèy Administrasyon SEksyon Kominal.**

Elektè a gen pou vote pou 3 manm KASEK  
**pou 4 an.**

- **K pou Konsèy** : gen 3 moun ki pou reprezante popilasyon seksyon an.
- **A pou Administrasyon**: 3 moun sa yo a pral **administre**, sa vle di:
  - **okipe zafè lajan**;
  - **deside ki sa ki bon pou seksyon an**;
  - **dirije seksyon an yon jan**, pou yo pran bon desizyon
- **SE pou Seksyon**: se tout teritwa popilasyon ki chwazi konsèy la.
- **K pou Kominal**: vle di yon **pòsyon** nan komin nan.

Manm KASÈK yo la pou **voye je** sou : zafè **lekòl**, fè **dispansè**, **moun ki fè kont** anvan yal nan leta, **netwaye mache**, **mete latrin**, eksetera...

Lè nap vote pou 3 manm KASÈK, **elektè a dwe chwazi 3 moun** yo konnen ki kapab defann **enterè** yo.

Se avèk **bilten vòt** nou ankò nap kapab **chwazi** 3 manm KASÈK yo.

**Bilten vòt, se  
poto mitan pouvwa ak otorite leta.**

**Pèp la  
se rasin leta, se rasin tout pouvwa**